Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 48 (9954) | 13 июль | Рузман | 2018 сон

# Больихъа Бадрудин-Афанди (къ.с)



*Нилъее баракат щваяв Бадрудин -Афандил (къ.с) хIакъалъулъ материал цIале хадусеб номералда*

ЦIиял рубрикаби

## РУХIИЯЛ ЦЕРЕХЪАБИ

*Нижеца хIукму гьабуна районалъул газеталда «РУХIИЯЛ ЦЕРЕХЪАБИ» абураб цIияб рубрика рагьизе.*

*Гьеб рубрикаялда гъоркь рахъизе руго щибаб росдал диниял хIаракатчагIазул хIакъалъулъ материалал.*

*Байбихьизе буго нилъерго районалъул центр, жинда жанив накъшбандияб тIарикъаталъул Устар вахъараб Болъихъ росдадаса.*

*ТIоцебесеб макъала хъвазе буго Бадрудин Афандил(къ.с.) хIакъалъулъ.*

*Хадуб МухIамадхIабиб-хIажил, АхIмадудин-хIажил,Ибрагьим- хIажил хIакъалъулъ.*

*Нижеда лъаларел цоги диниял церехъаби ратани, бокьилаан балъхъадерица нижехъе хъвазе яги телефоналъ ахIизе.*

*Гьединабго гьари буго киналго росабазул жамагIатаздеги -хъвай нижехъе нужерго рухIиял церехъабазул хIакъалъулъ.*

*Материалал лъезе руго, моцIида жаниб цо нухалъ къватIибе биччалеб,*

*«Гьидаят» абураб динияб газеталда жаниб газеталда .*

**Нижер электроннияб адрес ва телефон:**
**druzhba555@mail.ru 89382021133**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*от 15.05.2018 г.*
*с. Нижнее Инхело*

***О переводе жилого дома в нежилой дом в соответствии с жилищным кодексом РФ, Градостроительным кодексом РФ, Уставом МР «Ботлихский район», на основании заявления гр-на Мутаилумова Ахмеда Курбановича, администрация СП «Село Нижнее Инхело» постановляет:***

1. Перевести 2-х этажный жилой дом общей площадью 360 кв. м., с кадастровым №05:23:000009:583, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, село Нижнее Инхело, ул. Амбулаторная, дом № 10, принадлежащий на праве собственности заявителю (№ регистрации 05-05/004-05/123/010/2016-1092/1 от 22.12 2016 г.) из жилого дома в нежилой дом для использования в качестве офисного помещения в медицинских целях.

2. Администрации СП «Село Нижнее Инхело» в течение 3-х дней с момента подписания настоящего постановления направить уведомление о переводе жилого дома в нежилой дом Мутаилумову Ахмеду Курбановичу,

3. Разместить настоящее постановление на официальном сайте органов местного самоуправления СП «Село Нижнее Инхело» в сети Интернет.

**М.К. ЛАБАЗАНОВ,**
**Глава АСП «Село Нижнее Инхело»**

## Рейдовые проверки по выявлению должников по уплате налогов

По поручению Правительства РД 28 июня в Дагестане проведен ряд выездных рейдовых проверок для выявления должников по уплате налогов.

Мероприятия с участием представителей УФНС России по РД, УФССП по РД и МВД по РД были скоординированы и проведены в городе Буйнакске и на территории транспортного кольца у поселка Манас Карабудахкенского района.

В результате проведённых проверок арестовано имущество: два автомобиля и иная техника. Наложен арест на имущество должников на сумму 632 тысячи рублей; завершено 90 исполнительных производств. Общая сумма налоговой задолженности, уплаченной должниками в принудительном порядке на месте проверки через мобильный терминал, составила 828 тысяч рублей.

На территории Буйнакска на наличие налоговой задолженности было проверено около 400 водителей автотранспортных средств, долг составил 1,2 млн рублей. Распечатано и вручено порядка 360 платежных документов для погашения задолженностей. В поселке Манас удалось охватить проверкой водителей 470 автотранспортных средств, распечатано и вручено 417 платежных документов.

Напомним, что представители УФНС России по РД, УФССП по РД и МВД по РД совместными усилиями сначала года в республике проводят рейды, направленные на обеспечение финансовой устойчивости региона, путём вывода бизнеса из тени, наращивания налогового потенциала, роста собственных налоговых доходов, снижения уровня Дотационности консолидированного бюджета Республики и полной легализации трудовых отношений работодателей с работниками.

Комментируя результаты выездных рейдовых проверок, в Правительстве отметили, что подобные мероприятия будут проводиться на постоянной основе до полного погашения или взыскания в принудительном порядке задолженностей по имущественным налогам физических лиц.

***Начальник Советник государственной гражданской службы РФ 1 класса***
**Набиев М.Ш.**

## ТАРИФЫ НА ГАЗ 2018/2019

**Цены на природный газ, реализуемый населению Республики Дагестан с 01.07.2018 года дифференцированные по различным направлениям (наборам направлений) использования газа розничные цены на природный газ, реализуемый населению Республики Дагестан газоснабжающей организацией ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

| №№ | Направления использования газа населением | Цены на природный газ (с НДС) |
|---|---|---|
| 1. | На приготовление пищи и нагрев воды с использованием газовой плиты (в отсутствие других направлений использования газа); Нагрев воды с использованием газового водонагревателя при отсутствии центрального горячего водоснабжения (в отсутствие других направлений использования газа) | 5,23 руб./куб.м. |
| 2. | Приготовление пищи и нагрев воды с использованием газовой плиты и нагрев воды с использованием газового водонагревателя при отсутствии центрального горячего водоснабжения (в отсутствие других направлений использования газа) | 5,23 руб./куб.м. |
| 3. | Отопление с одновременным использованием газа на другие цели (кроме направлений использования газа, указанных в пунктах 4,5,6 настоящего приложения) | 5 092,98 руб./тыс.куб.м. |
| 4. | Отопление и(или) выработка электрической энергии с использованием котельных всех типов и (или) иного оборудования, находящихся в общей долевой собственности собственников помещений в многоквартирных домах с годовым объемом потребления газа до 10 тыс.куб.м. включительно | 5 114, 54 руб./тыс.куб.м. |
| 5. | Отопление и(или) выработка электрической энергии с использованием котельных всех типов и (или) иного оборудования, находящихся в общей долевой собственности собственников помещений в многоквартирных домах с годовым объемом потребления газа от 10 до 100 тыс.куб.м. включительно | 4 989,61 руб./тыс.куб.м. |
| 6. | Отопление и(или) выработка электрической энергии с использованием котельных всех типов и (или) иного оборудования, находящихся в общей долевой собственности помещений в многоквартирных домах с годовым объемом потребления газа свыше 100 тыс.куб.м | 4 889, 67 руб./тыс.куб.м. |

*** Утверждены Постановлением Республиканской службы по тарифам Дагестана от 22 июня 2018г. № 8 "О розничных ценах на природный газ, реализуемый населению Республики Дагестан газоснабжающей организацией ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

***С 1 июля 2018 года для населения Республики Дагестан изменились тарифы на газ***

***Постановлением №8 от 22 июня 2018 года Республиканкой службой по тарифам Дагестана утверждена новая розничная цена на природный газ в размере 5,23 руб. за 1 куб. м.***

***ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» призывает абонентов – потребителей газа произвести сверку платежей в территориальном участке (абонентском пункте) по месту жительства и, в случае имеющейся задолженности за поставленный газ, погасить её. Там же абоненты могут получить консультацию по вопросам начислений за газ.***

***Абонентам, с установленными приборами учета газа, необходимо сообщить информацию о показаниях счетчика газа, в противном случае перерасчет суммы к оплате будет произведен с учетом новых цен.***

***ПРЕСС-СЛУЖБА ООО «ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА»***

***Контактный телефон: 8 (8722) 68-53-51, 8-928-808-72-40 (для СМИ)***
***E-mail:f0050130@dag.kawkazrg.ru***
***Веб-сайт http://mkala-mrg.ru***

## Несчастные случаи, связанные с детьми и подростками

Министерством внутренних дел по Республике Дагестан в целях профилактики преступлений, совершенных в отношении несовершеннолетних, проведен анализ практики рассмотрения сообщений о несчастных случаях, связанных с детьми и подростками.

Проведенный анализ показывает, что за 6 месяцев 2018 года на территории республики зарегистрировано 76 фактов несчастных случаев, связанных с детьми и подростками.

При этом, наиболее распространёнными фактами несчастных случаев являются отравление угарным газом -15 фактов, по г. Махачкала (2), Даг.Огни (1), Хасавюрт (1), Каспийск (1), С.Стальскому (1), Кумторкалинскому (1), Дахадаевскому (1), Левашинскому (3), Каякентскому (1), Дербенскому (1), Кизлярскому районам (2).

Получение травм по неосторожности во дворе и в школах -24 факта, по гг. Махачкала (7), Дербент (3), Ахтынский (1), Хасавюртовскому (1),

Агульскому (1), Кизлярскому (2), Сергокалинскому (1), Чародинскому (1), Кулинскому (1), Цунтинскому (1), Кумторкалинскому (1), Табасаранскому (1), Буйнакскому (1), Тарумовскому (2).

Несчастные случаи (падение с окна) -13 фактов, по гг. Махачкала (7), Избербаш (1), Дербент (2), Буйнакск (1), Кизляр (1), Кизилюрт (1).

Утонувшие во время купания -7 фактов в гг. Хасавюрт (1), Буйнакск (1), Кизилюрт (1), Чародинскому (1), Магарамкентскому (1), Хасавюртовскому (1), Гергебильскому районам (1).

Из 76 фактов несчастного случая 16 несовершеннолетних скончались на месте или при доставлении в больницу. Основной причиной сложившейся ситуации является недостаточный контроль, за несовершеннолетними подростками со стороны родителей или законных представителей.

***Инспектор группы по делам несовершеннолетних ОУУП и ПДН ОМВД России по Ботлихскому району капитан полиции Сайгидинов А.М.***



# ЛИТЕРАТУРИЯБ ГЬУМЕР



***Т**Iасутlа росдал школалъул мугIалим Зайналбег Рамазановас эркенаб заманалда хъвалел ругоан кучIдул. Ва абизе ккола гIезегIан бегьулел асарал ругин гьесулилан.*

*Зайналбегица тIоцебесеб назму гьабун буго жиндиргун пишацояв ва лъикIав гьудул Чанхъо росдал школалъул мугIалим СагIитбег Алхасов хвараб мехалда.*

*-ЦIакъ ракI лъикIав, гIаданлъи бугев инсанги, щвалде щун жиндирго иш бокьулев ва цIалдохъабазе ракI кьезе хIадурав мугIалимги вукIана мунагьал чураяв Саг1итбег. Гьесде гьабураб назмуялдаса байбихьана дир творчествоги,- ян бицана дагьав цевегIан редакциялде щварав щаг1ирас.*

*Зайналбег школалдаги лъикI цIалулев, гIадлу-низам бугев вас вукIана. КIудияб баркала кьолеб буго ан гьес жиндие лъикIаб тарбия-лъай кьурал Болъихъ №2 гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабазе.*

*Хинал рагIабаздалъун ракIалде щвезавуна гьес жиндирго тIоцевесев мугIалим ТIасутIаса ХIусен ГIумаровичги.*

*З. Рамазановасул буго кIиго тIадегIанаб лъай, лъикIаб хIалтIухъ щварал шапакъатал.*

*Бокьун буго Зайналбегие творчествоялъулал бергьенлъаби гьаризе.*

*Риччанте гьес цIия-цIиял асараздалъун рохизаризе поэзия бокьулел.*

## ЭБЕЛАЛДЕ

Эбелин ахIулеб цохIо гьаркьида,
ГьечIебищ нилъее гIураб насихIат.
Наслабаз цоцахъе къадругун кьолеб,
Кьалдаги кочIольги гIемер рехсолеб.

Жиндаса къиматаб хазина нилъей,
Халикъас бижинчIо ракьалда жеги.
Жавгьарги якъутги данде къаниги,
Къадру гьелъулгицин гьитIинаблъидал.

Огь, Эбелалъул ракI бихьизе анищ,
Бичасе хIелулеб лъимадуй гIоло.
Берал гIодичIого, жанибго бежун,
Жиндир рижи цIунун ахIи бала гьелъ.

ЦIуне Эбел, лъимал, реххуге адаб,
Роржун кьоялги ун кватIизе гурин.
Эбелалъул хIатIикь алжанги нилъей,
КьучIаб хIадис бугеб, алхIамдуллилагь.

## МУНАГЬАЛ ЧУРАЯВ ЧАНХЪОСА САГIИТБЕГИДЕ

*Анкьумумулъанго борхатаб кьибил,*
*Алхасил вас Сурхай, гьесул СагIитбег*
*Чанхъов мун гьавуна, Чанхъов мун гIуна.*
*Росдае бакълъун мун гвангъун вукIана*

*Бакъги тIерхьинелъун бижун бугелъул.*
*Гьелъухъего дуца ниж хехго тана.*
*Дур араб гIумрудул бицен гьабуни,*
*Гьеб кIудияб мисал ниж киназего.*

*Мун цохIо инсуе камун хутIичIо,*
*Мун камуна нижей лъалелщиназе.*
*Мун лъаларезе гьеб бицаде буго*
*МугIалимзабазул ирсилаб хъизан*

*ГIакълу-лъай тIокIазул кьолболъе араб.*
*Мун хисизе дуца ункъо вас тана.*
*Росуго бахилал, гIаданлъи тIокIал*
*Аллагьас лъугьаги гьелги мун гIадал*

*ТIасдериеги мун хирияв инсан,*
*Хваниги, аниги рекIелъ хутIила.*
*Алжан насиблъаги дуе, дир гьудул,*
*КIикъого гуресги нугIлъи гьабидал.*

## РАСУЛИДЕ

Хундерил ракьалда борхатаб ЦIадаб,
ЦIар рагIарав шагIир тIатана даим.
ГIалимчи ва шагIир ЦIадаса ХIамзат.
ЦIар дур Расулица цIвабзазда хъвала.

Расулил кучIдуца гIашикъ гьаричIел,
ГьечIо гьабракьалда щивгIаги хутIун.
Цоги Расулида релълъарав шагIир,
Щакабжо вахъине далил гьелъие.

Хъвана Расулица рокьулгун кьалул,
Кьалда жал къуркьичIел мугIрул васазул.
Гьединго борхатаб Гъуниб тIадехун,
ГъалбацI (имам Шамиль) асирлъарав сангарлъиялда.

Дагъистаналъул Гимн Расулил «Ясин»,
Россия хIайранав аваразул вас.
Рагъул майданалда шагьидлъаразе,
ХъахIал къункърабазул памятник барав.

Расулил васигат нахъе хутIана,
Нахъе хутIаразе вагIза букIине.
ВатIаналде гьесул букIараб рокьи,
Бице гIун бачIунеб гIелалъе къойил.

## ТIАСУТIА

***Б**орхатаб кьурда тIад мугIрул ракьанда,*
*Буго дир ТIасутIа гьайбатаб росу.*
*Бакъуе гьумер кьун,моцIрой салам кьун,*
*Къилбаялде буссун тасбихI гьабулеб.*

*Радал тIаде рахъун къватIир лъугьиндал,*
*БацIцIадаб гьаваялъ керен- ракI цIола.*
*Иццазул лъим гьекъон хIалбихьарасе,*
*Цо Зам-зам батила гьелдаса тIокIаб.*

***Р**осдал тарих цIакъго некIсияб букIин,*
*Цересел хабалаз нугIлъи гьабула.*
*Заназда рахъарал хъанчазул суртаз,*
*Бицуна гIасраби гIемер араблъи*

*Абумуслим вачIун дин цIигьабидал,*
*Дир росулъ рахъана цIаларал чагIи.*
*МухIаммад щайихгун Тунчихан щайих,*
*Сиражудин гIалим ва Айгуб дибир.*

***Ж**акъасеб цIалараб гIелалъул сияхI,*
*Гьеб цIакъ халалъила, цIар ккун хъванани.*
*ТIолабго росдае мисаллъун гIела*
*СагIитил Лабазан ва гьесул хъизан.*

## 11 АВГУСТ 1999 СОН

Басаевгун, Хаттаб рахъана къватIир
Рорхатал мугIрузде, Авариялде.
Жидеца квегъилин Дагъистан абун,
Данде чIаралщинал гъурунги ралин.

КIиязулго гIакълу мукъсанлъиялъе,
МукIурлъун ратила Гъагъалъе щведал.
ТIадмагIарулазул къвакIи бихьидал,
Кьолонир гIуразул лебаллъи лъайдал.

Гьезда кин кIочарал нилъер умумул,
Надиршагьил боял щущахъ гьабурал.
Щай рак1алде щвеч1еб г1асрабаз цебе
ГIассияв Тимурий мукIурлъичIеб халкъ.

Дин малъизе абун рачIун ратани,
МагIарухъ гурищ дин цIакъго бацIцIадаб.
Щибаб росу рикIкIун гIалим вахъараб,
КIудияв Имамас кьучI гьабун тараб.



## РАКЪЛИЛ КЕЧI

***М**угIрул ахалъуда ва гьелъул тIогьиб,*
*ТIасдерил ракьалда беролел иццал.*
*Киналго гьел иццал данде журайгун,*
*Даимаб чилигун чваххула «ЦIорокь».*

*Гьединаб цолъигун гьаб ракьалда тIад,*
*ТIадегIанас нилъей кьун буго гIумру.*
*Кинабго гьаб халкъалъ цо чияс гIадин*
*ЦохIо гьаркьидалъун рекъелин ахIе!*

## КЪИРАЛАСУЛ ЯС
## (ЧIужуялде)

***Р**ас меседил кьегIер къираласул яс,*
*ЧIалгIун вугин дун духъ йихьизе бокьун.*
*КъачIая хIурулгIин, ханасул бика,*
*Лачен къинлъулареб кьурулъ йоржине.*

*Бихьила росу-ракь,гьайбатал мугIрул,*
*Гьелегьун чваххулеб гьитIинаб «ЦIорокь».*
*Халлъила магIарде тIаде яхиндал,*
*ТIогьолал байдаби ва расалъаби.*

***Ц**Iакъго дур рекIее гьабила асар,*
*КIудияб къулгIадухъ хьвадулел къояз.*
*Чуял кьолон васал, гIертIалгун ясал,*
*Гьеб иццухъ хьвадулел балай гьабизе.*

# БЕЧЕДАБ ИРСГИ НАХЪА ТУН АНА АБАДИЯБ РОКЪОВЕ



ГІемераб заманалъ унтунги вукІун, чанго къоялъ цеве Аллагьасул къадаралде щвана щулияб иман-гІадлуялъул инсан, Болъихъ росдал авал мажгиталъул имам Абакар-ХІажи ГІабдулаев. ТІолабго гІумруялъ диналда тІадчІарав, лъималазулъги, лъималазул лъималазулъги исламалде рокьи куцарав, гьитІинго гьелъул тІагІам гьезда лъазе гьабурав, Дагъистаналдаго машгьурав гІалим Ибрагьим-ХІажил эмен, Х1афиз Ах1мадил к1удияв эмен Абакар- ХІажи лъаларев чи къанагІатги вукІун ватиларо нилъер районалда. ИчІго васасе росуго бахилаб тарбияги кьуна инсуца ва ичІалго щулаго гІибадаталда тІадчІарал чагІиги рахъана.

КІиабилев вас, жиндир мунагьал чураяв ГІумарасхІаб, бищунго гІумру къокъав ватана-битІун гІумрудул завалалда вукІаго, дунялалъулгун къо-мех лъикІ гьабуна гьес. ГІемерал соназ райадминистрациялда диниял суалазул рахъалъ отделалъе нухмалъи гьабулаго, кутакалда кІудияб хІалтІи гьабуна гьес исламалъе гІоло. … Жиндир мунагьал чураяв Абакарилги дирги лъай-хъвай ккана рикІкІадаб І979 соналъ.

Жакъа гІадин цеве чІун вуго дида къокъвиццатав, къамартІав, къвалакь папкаги ккун аэродромалъул майданалде киса-кивего щун, щивав пассажирасул мурад тІубазе хІаракат бахъулев, кидаго рази-ракияв, махсаро-хочІ хирияв начальник Абакар ГІабдулаев. «Дуе расниги ургъел ккоге, гьудул, гьадаб самолет бачІарабго, мун вехе воржине вуго!» Жакъаги кІочонаро дида аэродромалъул начальникас рази-ракиго абулел рукІарал гьел рагІаби. Ва бищунго гІажаибаб жо- кигІан гІемерал гІадамал ругониги, кигІан кІудияб хІалуцин, ахІи-хІур бугониги, Абакарица жиндирго рагІи кколаан. Дидаса г1умруялъ гІезегІан кІудияв вукІаниги, щулияб, соназ халат бахъараб гьудуллъи ккана Абакарилги дирги, ай 39 сон буго исана гьесулги дирги лъай-хъвай ккаралдаса. Гьесул вас, диргун г1ел-бащадав Г1алиасх1абги дунги абуни руго вацлъи гьарарал гьудулзаби…

Абакар-Х1ажигун хасго гІагарлъана ниж гьаб ахираб І3 соналъ. Къойил къадекакде хьвадулаан дун гьес имамлъи гьабулеб гъоркь авал мажгиталде. Зулму гьабун рокъовги вачунаан гьоркьов-цеве гьес дун. Суннатаб как бан хадув, имамасда ва дирго хирияв гьудуласда къвал базеги, гьесул сахлъиялъул цІехезеги аскІове аравго, сахлъини гІолохъанчиясул гІадаб бугин, вахъа как ахІизе, кидаго хъвадарулев вукІун тІуваларин мунилан тІаделъулаан мунагьал чураяв. Амма, нечон, цониги нухалъ бажаричІо дида имамасул гьеб амру тІубазабизе. Гьанже кутакалда ракІ бухІунги вуго гьелдаса. ГІемер вачІунаан Абакар редакциялде гьоболлъухъ, сагІтазги рукІунаан ниж накъиталда.Ва гьесда аск1об бараб щибаб минут, щибаб саг1ат дие кутакалда къиматабги,пайдаябги, пикру гьабизе, кант1изе т1амулебги бук1унаан. Мажгиталде хьвадулел чагІазда цІализе рихьуледухъ чІахІаго рищизе бокьун бугилан, хирияп дугІабиги рачІунаан гьес типографиялде.

Чан диниял малъа-хъваял гьес дие гьарурал, чан г1умрудул дарсал кьурал… Абакар-ХІажи хванилан пашманаб хабар бачІараб къоялъ дун МахІачхъалаялда, беразе операция гьабурай эбелалда аскІов, больницаялда вукІана. Дир гьурмал кьер хисараб куц бугоха, эбелалъ гьикъана щиб ккараб дир василан. Дица эбелалда абуна дир имам, дир рухІияв насихІатчи накълулъун вугилан.

Гьереси щай, бищун цевесев чи хварав гІадин къварилъана дир ракІ доб къоялъ. Ва МахІачхъалаялдаса Болъихъе щвезегІан кверде восун вукІана дун гьесулгун рукІарал рикІкІен гІемерал ракІалдещвеяз, кІочонарел гара-чІварияз, дандчІваяз. Сородулел рукІана дир килщал, камилав имамас ХІежалдаса вуссингун сайгъат гьарурал чІумал сверулаго…

Г1емер халат гьабун щай, ана нилъедаса цоги лъикІав инсан, Аллагьасул мутІигІав лагъ, тІолабго гІумру гІибадаталда, как-диналда тІамурав тІокІкІарав муъминчи, росдаего х1ажатав жамаг1атчи. Амма ракІчІун лъала гІага-божаразул, балъхъадерил жамагІаталъул, лъале-хъвалезул, гьудул-гьалмагъзабазул ва рикІкІен гІемерал диниял вацазул рекІелъ даимго хутІизе вуго Абакар-ХІажи. Гьесул рахъалъ бицен ккедал, гІумруялъ редакциялда хІалтІулей ва лъикІго гьев лъалей нижер хІалтІухъан Эльдарова ПатІинаца гьадин абуна:

-Машааллагь, мунагьал чураясул лъималаз щибаб маркІачІуда рокъоб бачунеб зикрудал гьаракь рагІизе лъикІан нужеда. Гьединал лъималги нахъа тун арав инсуда ракІ-ракІалъ бахиллъизе бачІуна дирни. ХІакъикъаталдаги, лъикІаб ирсги Исламияб нухда щулияб гали лъураб наслуги нахъа тун ана абадияб рокъове Болъихъа Абакар-ХІажи. Алжан насиблъаги жин дие!

**ГІУМАХАН ГІАНДИЙСКИЙ**

ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гІуцІарал:**

**МР «Болъихъ районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**БетІерав редактор**
ГІ. ГІумаханов

**Отделалъул редакторал**
П. Дибирова
А. Агьларов

**Мухбирзаби**
*З.МухІамадова*
*М. ГІумаханова*

Корректор
П.МухІамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Программист**
А. Ибрагьимова

**Фотокорр**
*Ш.Муртазалиев*

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватІ*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гІаммаб 2-20-37*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ*
*Газета кьабуна 20.00*
*Заказ №* ______

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакІалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*
*№ 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*